



LÈT SIPÈRENTANDAN-AN

12 Mas, 2018



Robert W. Runcie, Superintendent

Pou Fanmi nan lekòl Broward County Public Schools:

Atravè Broward County, kè-nou fè youn ak kominote lekòl Marjory Stoneman Douglas High School. Diran dènye semenn ki sot pase yo, omoman n ap travay pou kòmanse pwosesis gerizon, elèv-yo tap esprime jan yo gen lapenn, yo ankolè, enkredil, epi anvayi ak tout lòt kalite emosyon. Nou fyè anpil paske elèv-nou-yo demontre ak fòkis epi detèminasyon yo ka transfòme lapenn ak kolè-yo ann aksyon. Yo montre yon devouman pou yon kòz ki ka debouche sou chanjman pozitif nan peyi a.

Kòm ou okouran deja, elèv lekòl piblik *Broward County (BCPS)* ak lòt elèv atravè nasyon-an, kontinye ap patisipe nan manifestasyon pasifik anrapò ak trajedi ki sot pase nan lekòl Marjory Stoneman Douglas High School. Elèv-yo ap manifeste tou pou mande plis kontwòl sou zam ak lejislasyon pi strik sou zam. Lè elèv-yo ap manifeste anndan lekòl, estaf lekòl-la dwe pare pou aji an konsekans, epi kite yo tande vwa ak opinyon elèv-nou-yo.

Paske nou vle evite ke woutin ak disiplin yon jounen lekòl pètibe kontinyèlman, nou bay lidè nan lekòl-nou-yo ki direktiv pou yo swiv lè elèv-yo sispann travay pou manifeste oswa pou lòt manifestasyon ki va dewoule alavni diran ane eskolè sa. Nou vle fanmi okouran de direktiv-sa-yo, konsa yo ka ranfòse menm direktiv yo lakay:

- Estaf BCPS pap entèfere diran manifestasyon pasifik elèv-yo òganize oswa diran rasanbleman nan lekòl-yo.
- Kennenpòt manifestasyon elèv k ap dewoule sou lakou lekòl, estaf nou va travay ansanm pou asire sekirite elèv-yo, asire manifestasyon yo pasifik. Chak lekòl va jere tout sitiyasyon kote gen vyolasyon règ Liv Kòd Kondwit pou Elèv.
- Konsènan dat rasanbleman ak manifestasyon nasyonnal ki pibliye nan laprès epi ke medya sosyo pwomouvwa, se fò pwobab anpil elèv, sitou nan Distri nou, va chwazi patisipe. Pwofite de okazyon-sa-yo, pou anseye elèv-yo grasa Premye Amanman yo kapab esprime dwa-yo tankou fè tande vwa ak opinyon-yo.
- Sizoka elèv-yo ta sispann travay epi deside mache deyò oswa rasanble, direktè lekòl-yo ak estaf ki deziyen va rete ak elèv-yo nan yon zòn ki deziyen pou rasanbleman, konsa sipèvizyon elèv-yo ap pi efikas.

Se lespwa mwen si nou adopte apwòch kalm e reflechi ki anwo a sa va diminye, pase ogmante, tansyon nan lekòl-nou-yo. Pandansetan, konseye ap disponnib nan tout lekòl Distri a, epi nou ankouraje estaf lekòl-yo ede elèv-yo pataje santiman-yo sou trajedi sa. Resous an liy tankou "[Talking to Children About Violence: Tips for Parents and Teachers](#)," (Pale ak pitit-ou osijè vyolans: Sijasyon pou Paran ak Pwofesè) kapab itil pou toulede, paran ak pwofesè. Diferan tip enfòmasyon ak sipò diran sitiyasyon kriz disponnib sou sitweb Distri a, browardschools.com/crisissupport.

Asire sekirite elèv-nou-yo ak estaf, se responsablite nou chak nan kominote a. Pou ranfòse mezi sekirite ki egziste deja, n ap kontinye fè elèv ak estaf chonje – si ou wè yon bagay, ou ta dwe di sa. Fason ou kapab pataje enfòmasyon ak sijasyon yon fason anonim:

- **Rele nimewo** 754-321-0911
- **Voye yon imel nan adrès elektwonik** school911@browardschools.com
- **Voye yon tèks mesaj** CRIMES 274637 – tèks mesaj-la dwe kòmanse ak SBBC
- **Soumèt anliy sou sit** broward.k12.fl.us/siu/siunew/tipsemail.asp

Mèsi paske ou sipòte elèv-nou-yo. Nou apresye efò w ap fè pou ede asire yo tande vwa ak opinyon elèv-yo alaswit trajedi ki sot pase nan lekòl Marjory Stoneman Douglas High School.

Avèk senserite,

Robert W. Runcie, Broward County Public Schools Superintendent



The School Board of Broward County, Florida Robin Bartleman • Heather P. Brinkworth • Abby M. Freedman • Patricia Good • Donna P. Korn • Laurie Rich Levinson • Ann Murray
Dr. Rosalind Osgood • Nora Rupert • Robert W. Runcie, Superintendent of Schools

School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi sou baz diskriminasyon, laj, koulè, andikap, espresyon seksyèl, idantite seksyèl, enfòmasyon jenetik, eta sivil, nasyonnalite, ras, relijyon oswa oryantasyon seksyèl. School Board founi Boy Scouts ak lòt gwoup ki deziyen, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman kapab rele Direktè, Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kowòdinatè Distri a pou chans egal/Title IX Coordinator nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre amannan Iwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008, (ADAAA) moun andikape ki bezwen akomodasyon kapab rele Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department, nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. browardschools.com